# ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫРДЫҢ ГЕНЕАЛОГИЯЛЫҚ ШЕЖИРЕСИН ДҮЗИЎ МӘСЕЛЕСИНЕ

**Т.Қ.Байниязова**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты*

**Аннотация.** Мақала Әжинияз Қосыбай улының генеалогиялық шежиресин дүзиў мәселесине бағышланған. Илимпаз Қ.Байниязов Әжинияз шайырдың өмирин, дөретиўшилик тулғасын үйрениўге айрықша дыққат бөлди. Усы бағдардағы изленислериниң нәтийжесинде Қ.Байниязов Әжинияздың генеалогиялық шежиресин дүзиўге еристи.

**Таяныш сөзлер:** *Әжинияз Қосыбай улы, Қ.Байниязов, генеалогиялық шежире, шайыр, тулға.*

XIX әсир қарақалпақ классикалық поэзиясының ўәкили, уллы сөз шебери Әжинияз Қосыбай улының тулғасы қарақалпақ әдебиятында айрықша орын ийелейди. Шайырдың дөретиўшилиги Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, И.Сағитов, Ә.Пирназаров, К.Мәмбетов, Б.Қәлимбетов, Х.Ҳамидов, Ә.Пахратдинов, Қ.Жәримбетов, Б.Генжемуратов Қ.Оразымбетов сыяқлы алымлар тәрепинен үйренилди. Әжинияз шайырдың биографиясы ҳәм дөретиўшилиги туўралы мағлыўматларды жыйнаўда филология илимлериниң докторы Қырықбай Байниязовтың хызмети айрықша.

Әжинияздың дөретиўшилик тулғасы илимпаз Қ.Байниязовтың пүткил өмири даўамында дыққат орайында турды. Илимпаздың бул бағдардағы дәслепки қәдеми студентлик дәўиринен басланып, ол Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеў институтының тапсырмасы бойынша Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша материаллар жыйнаў иси менен шуғылланған ҳәм оларды Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының китапханасына тапсырған. Қ.Байниязовтың Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша жәрияланған «Әжинияз шайыр ҳаққында айырым мағлыўматлар» деп аталған дәслепки мақаласы 1969-жылы 30-августта «Совет Қарақалпақстаны» (ҳәзир «Еркин Қарақалпақстан») газетасында жарық көрген болса, буннан соңғы ўақытлары да илимпаз өзи топлаған әдебий-илимий мағлыўматлары тийкарында бирнешше мақалалар жәриялап барды [1, б.32].

Әжинияз шайырға арнап жазған бир дүркин мақаласы Қ.Байниязовтың «Қосықтың күши» деген китапшасына енгизилген. Бул мақалаларда Әжинияз шығармаларының баспадан шығыўы, шайыр дөретиўшилигин изертлеў жумысларының жағдайы ҳәм дәрежеси туўралы сын пикирлер билдириледи. Атап айтқанда, Рамберген Хожамбергеновтың жыйнаған материалларының аўҳалы, Ә.Алымовтың билдирген пикирлери, А.Муртазаев, И.Сағитов, А.Каримов тәрепинен таярланған «Әжинияз» топламындағы қәте-кемшиликлер, Қ.Бердимуратовтың Әжинияз шайырдың «Бозатаў» китапшасына салған сүўрети қатаң сынға алынған болса, шайыр дөретиўшилигин үйрениўшилер арасында И.Юсуповтың «Дала Орфейи», С.Камаловтың «Әжинияз шығармаларындағы тарийхый ҳәм этнографиялық мағлыўматлар», Б.Исмайловтың «1858-1859-жыллардағы Қоңырат көтерилисиниң Әжинияз творчествосында сәўлелениўи», Х.Ҳәмидовтың «Әжинияз поэзиясының дәреклери», Ә.Пирназаровтың «Әжинияздың сөз усталығы ҳаққында гейпара ойлар» сыяқлы мийнетлери шайырды жасаған заманына ҳәм әдебий орталығына тығыз байланыста изертлеп, оның шайырлық келбетин ашыўға ҳәрекет етиўи менен баҳаланатуғынын көрсетиледи [1, б.27, 30, 31, 39]. Буннан кейинги ўақытлары да илимпаз Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилигине тийисли «Бул қосықлардың авторы ким?», «Қыз Меңеш Әжиниязды излеп келген бе?» «Әжинияз шайыр саяхатшы болған ба?» ҳәм т.б. мақалаларды жәриялады [2].

Әжинияз Қосыбай улының қәбирин табыўда Қ.Байниязовтың үлеси бар. Белгили тарийхшы, Өзбекстан Қаҳарманы Ғайратдин Хожаниязов былай жазады: «„Шайыр Қарақум ийшан қойымшылығында жерленген“ деген мағлыўматларға байланыслы жумыслар алып барылып атырған күнлердиң биринде филология илимлериниң докторы Қырықбай аға Байниязов келип: «Әжинияз бабамыздың қәбирин излеп атырғаныңызды еситип келдим. Академик Марат Нурмуҳамедовтың тапсырыўы менен бабамыздың қәбирин 1959-жылдан берли излеў менен шуғылланып жүриппен. Шайыр қәбири ҳаққында бирқанша мағлыўматларды анықладым, ол жерленген қойымшылық жайласқан орнын шама менен билемен», деди». Ғ.Хожаниязовтың еске түсириўинше, Әжинияз қәбирин излеў ертеректе басланған. 1975-жылы Әжинияз Қосыбай улының туўылғанына 175 жыл толыў юбилейин өткериў бойынша шөлкемлестирилген юбилейлик комиссияның шешими менен шайыр жерленген қойымшылықты анықлаў мақсетинде арнаўлы топар дүзилген. Қ.Байниязов, Қайыпназар Алланиязов, Турдыбек Қалимов ҳәм тағы басқалардан ибарат бул топар ағзалары Әжинияздың туўған-туўысқанларынан Өтепберген Кутлымурат улы (Мойнақ районы, Бесинши аўыл) дайысы Карамaтдийин Әмет улы (Шоманай районы, А.Муўсаев хожалығы), дайысы Төренияз Жәлеке улы (Мойнақ районы, Мойнақ хожалығы) менен ушырасқан. Топланған мағлыўматлар шайырдың Таллық дәрьясының оң жағасында жерленгенлиги ҳаққындағы бурынғы дереклерге жаңадан анықлық киргизген. Усы жумыслардың нәтийжесинде

1992-жылы 17-июльде қойымшылықтың орны қайтадан анықланып, 1993-жылы 23-мартта Республикалық көлемде қулпы тас орнатыў мәресими өткерилген. Оған республика басшылары, әдебият, мәдений, көркем өнер илим, билим ҳәм тағы басқа көплеген тараў ўәкиллери, шайырдың әўладлары, туўған-туўысқанлары қатнасқан [3].

Ҳақыйқатында да, Қ.Байниязов Әжинияз Қосыбай улының урпақлары, оның ағайинлери менен тығыз байланыста болып, шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша мағлыўматларды толықтырып барыўға умтылды. Илимпаздың изленислери соннан гүўалық береди, Әжинияз шайырдың генеалогиялық шежиреси удайы Қ.Байниязовтың нәзеринде болды. Мысалы, «Жас Ленинши» газетасының 1969 жыл 15 августтағы санында «Әжинияз шайырдың әўладлары» деп аталатуғын мақала жарық көреди. Буннан соңғы ўақытта Әжинияздың урпақлары туўралы илимпаз тәрепинен топланған жаңа мағлыўматлар баспа сөз бетлеринде жәрияланып турды [4].

Ал, «Әжинияз шайырдың тамғалы таяғын қашан бурынғы қәлпине келтиремиз?» деп аталған мақаласында Қ.Байниязов өзиниң төмендеги ойлары менен бөлиседи: «Әжинияз Қосыбай улы – қарақалпақ халқының миллий мақтанышы. Ол өз дәўириниң жетик уламасы болыў менен бирге де уллы шайыр, сазенде ҳәм хошҳаўаз қыссахан сыпатында түркий тиллес халықлар арасында кеңнен танылған. Сонлықтан, жақын күнлер ишинде республикамыздың дөретиўшилик ўәкиллеринен тағы арнаўлы топар дүзип, Әжинияз шайыр туўылып өскен Мойнақ, Қоңырат, Қанлыкөл, Шоманай районларына дөретиўшилик сапарына барыўымыз керек. Бул топардың қурамындағы мәдений хызметкерлери халыққа өз өнерлерин көрсетсе, фотохабаршы шайырдың әўладларын ҳәм оның атына қойылған мекемелер менен естеликлерди сүўретке түсирсе, мақсетке муўапық болар еди. Ал, мен өз гезегинде үлкен жастағы кемпир-ғаррылардан жаңа мағлыўматлар жыйнап ҳәм оларға тийкарланып Әжинияздың ата-бабалары менен әўладларының шежире кестесин дүзип шығар едим» [5].

Қ.Байниязовтың Әжинияз шайырдың туўысқанларынан Зийнатдин Ещановқа жазған хатында Республикалық үлке таныў музейиниң директоры С.Нурабуллаева Әжинияз шайырға арналған мүйешти жаңа экспонатлар менен толықтырыўды ҳәм Қосыбай улының шежиресин дүзип бериўди тапсырғанын айтып, төмендегилерди жазады:

«Өзиңизге мәлим, мен 1950-жылдан берибабаңыз туўралы материал жыйнап жүрмен. Бирақ, соңғы 20-30-жыл ишинде шайырдың әўладлларына кимлердиң келип қосылғаны (шаўлық, қуўлық, муңлық, т.б.) ҳаққында жетерли мағлыўматқа ийе емеспен. Соныктан мен музей директорынан транспорт, фотограф, кемпир-ғаррылардың айтқан гәплерин магнит лентасына жазып алатуғын инженер менен тәмийн етиўин ескерткен едим. Тилекке қарсы, С.Нурабыллева берген ўәделерин усы ўақытқа шекем орынламады. Сонлықтан, <…> бул туўралы газетаға мақала да шығардым («Еркин Қарақалпақстан», 2005 жыл, 11-ноябрь, №121 (18179)». Хаттың соңында илимпаз Зийнатдин Ещановтан Әжинияздың урпақлары туўралы мағлыўматларды толықтырыўға жәрдем бериўди өтинеди, өйткени «өзлериңдей жигитлер жәрдем бермесе, бабаңыздың шежиресин дүзип шығыўым қыйын. Ҳәзир ден саўлығым да, жас өзгешелигим де бурынғыдай болып жүриўиме имканият бермейди» деп жуўмақлайды [6].

Ден саўлығы сыр берсе де, Қ.Байниязов Әжинияз Қосыбай улы әўладларының генеалогия-шежиресин дүзип шықты, онда шайырдың атасы, әкеси, ул-қызлары, ақлықлары, шаўлықлары, қуўлықлары, муңлықлары, зарлықлары көрсетилген. Бул кесте төмендегише көринисте (1-сүўрет):



Бул кестениң дүзилгенине 17 жыл болды, оннан берли Әжинияз шайыр әўладларының қатары толысып, жаңа урпақлар қосылды. Сонлықтан да, биз, Қ.Байниязов тәрепинен дүзилген Әжинияз шайырдың генеалогиялық кестесин толықтырып, усынып отырмыз (2-сүўрет):



Әлбетте, Әжинияз Қосыбай улының әўладларынан өз бабасы туўралы еске түсириўлерин жыйнап алыў ушын Қ.Байниязов транспортқа, фотографқа, магнит лентасына жазып алатуғын инженерге зәрүў болған болса, ҳәзирги ўақыттағы илим ҳәм технологиялардың раўажланыўы жағдайы жоқарыдағы аты аталған қәнигелердиң қатнасыўысыз-ақ мағлыўматларды заманагөй үскенелерде фото ҳәм видеокамераға түсириўге толық мүмкиншилик береди.

Жуўмақлап айтқанда, Қ.Байниязовтың илимий искерлигиниң бир бағдары Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм әдебий дөретиўшилигин үйрениўге арналды. Усының нәтийжесинде илимпаз Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилик тулғасының жаңа қырларын ашыўға еристи, соның менен бирге, шайырдың генеалогиялық шежиресин дүзди.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Байниязов Қ. Қосықтың күши. Қарақалпақ поэзиясы бойынша изертлеўлер жыйнағы. – Нөкис: Қаракалпақстан, 1977. – 158 б.
2. Байниязов Қ. Бул қосықлардың авторы ким? // Еркин Қарақалпақстан, 1994, №83; Қыз Меңеш Әжиниязды излеп келген бе? // Еркин Қарақалпақстан, 2004-жыл 6-июль, №81; Әжинияз шайыр саяхатшы болған ба? Еркин Қарақалпақстан, 2006, №143.
3. Хожаниязов Ғ. Уллы инсанларды еслеў ҳәм қәдирлеў – ағла пазыйлет (Әжинияз шайырдың туўылған күнине). Еркин Қарақалпақстан, 11-апрель 2013-жыл, №44 (19350).
4. Байниязов К. Потомки Ажинияза // Советская Каракалпакия, 16 августа 1975 г.; Әжинияз шайырдьң шаўлығы – газетамыздьң биринши редакторы // Жеткиншек, 1975 жыл 9–12 апрель; Әжинияз шайырдың әўладлары // Қарақалпақстан жаслары, 1995-жыл 30-март.
5. Әжинияз шайырдың тамғалы таяғын қашан бурынғы қәлпине келтиремиз? // Еркин Қаракалпакстан, 2005 жыл 11 октябрь, №121 (18179).
6. Байниязов Қ. Ещанов Зийнатдинге жазған хаты. Қолжазба. 10 январь 2006-жыл.